



CROWN HEIGHTS

BROOKLYN

Evalyasyon Bezwen Distri Komèsyal



NYC
Small Business
Services

careers
businesses
neighborhoods



Bridge Street Development Corporation



Enfòmasyon Jeneral

Avenue NYC se yon pwogram sibvansyon konpetitif **Sèvis nan Depatman Ti Biznis Vil New York** kreye pou li finanse ak ranfòse kapasite òganizasyon devlopman kominotè pou mete sou pye inisyativ pou relans komèsyal. Se Pwogram Sibvansyon Katye pou Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant, CDBG) nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini ki finanse Avenue NYC. Pwogram nan vize fè envestisman nan katye kote moun yo gen ti revni ak revni modere.

Sibvansyon pou Relans Komèsyal Avenue NYC yo pran angajman sou plizyè ane ki vize ranfòse kapasite òganizasyon patnè yo pou yo pi byen konprann bezwen katye yo, devlope pwogram ki efikas, epi sipòte travay y ap fè nan kominote a pandan omwen twa (3) lane.

Evalyasyon Bezwen Distri Komèsyal la (**Commercial District Needs Assessment, CDNA**) mete aksan sou peyizaj komèsyal ki egziste deja nan katye yo ak karakteristik konsomatè yo.

CDNA sa a gen ladan l koridò komèsyal **Crown Heights**, tankou **Utica Avenue, Kingston Avenue, Nostrand** ak **Franklin avenues** ki ant **Atlantic Avenue** ak **Eastern Parkway**, epi **Atlantic Avenue** ki ant **Franklin** ak **Utica avenues**, epi yo te fè li nan tèt kole avèk **Bridge Street Development Corporation** ant septanm 2022 ak jen 2023.

Pwoblèm prensipal ak opòtinite nou idantifye gras ak evalyasyon sa a pral ede priyoreze envestisman lokal Sèvis pou Ti Biznis (Small Business Services, SBS) kore yo, epi sèvi kòm yon resous enfòmasyon ak maketin pou katye a.

Nan rapò sa a

Nou te rasanble apati 748 sondaj ak divès reyinyon avèk moun k ap van sou katye a, moun k ap achte, moun k ap pwomennen, pwopriyetè ak moun ki abite enfòmasyon sou kondisyon ki la deja yo, **done sou biznis** ak deskripsyon kalitatif sou katye a.

Pase nan...

Konklizyon prensipal yo	4 ak 5
Envantè sou biznis yo	6
Kisa moun k ap vann yo di	7, 11 ak 12
Opinyon sou biznis	13 ak 14
Kisa moun k ap achte yo di	12
Anviwònman fizik	15
Apenndis done	16 ak 19

Pandan li chita kò l nan Central Brooklyn, Crown Heights se yon espas ki gen yon pakèt avantaj kominotè ak kiltirèl ki la pou sèvi abitan New York ki gen tout laj. Li delimite pa katye sa yo ki se: Prospect Heights, Brownsville, Ocean Hill, Bedford-Stuyvesant, ak Prospect-Lefferts Gardens. Epitou, katye a souvan kategorize pa rezidan ki nan seksyon “Nò” ak “Sid”, epi li divize pa Eastern Parkway.

Nan kòmansman 20yèm syèk Crown Heights vin konnen yon evolusyon nan devlopman li. Soti 1890 pou rive 1920, li te youn nan katye ki pi rich nan Brooklyn gras ak nouvo opsyon pou transpò tankou Brooklyn Bridge ak Eastern Parkway. Nan lane 1930, “A train” an konekte Crown Heights ak Bedford-Stuyvesant dirèkteman ak Harlem, sa ki ede etabli pi gwo kominote nwa nan Brooklyn. Apresa, imigran ki soti nan karayib yo enstale yo nan Crown Heights ak nan katye ki bò kote Flatbush la, sa ki vin kreye pi gwo kominote dyaspora ki soti nan karayib la nan monn nan. Pandan ane 1940 ak 1950, juif Chabad-Lubavitch Hasidic yo te enstale yo nan Sid Crown Heights tou. Yo te enstale syèj mondyal mouvman juif Chabad-Lubavitch Hasidic. Nan fen ane 1960, blan yo ki te ale nan katye rezidansyèl yo te kreye yon vid ekonomik sa ki ta pral lakòz moun sispann envesti epi abandone Crown Heights. Pandan plizyè ane Crown Heights te soufri ak yon imaj negatif apre vyolans piblik ki te fèt nan lane 1991, menm si defansè lokal ki soti nan kominote nwa ak juif yo te òganize yo pandan peryòd sa a. Epitou, yo te kreye zouti pou revitalize relasyon nan kesyon ras ak kominote yo pataje a. Malgre difikilte sa yo, Crown Heights vin tounen yon sant dinamik pou plizyè kilti li reprezante jodi a.

Katye a gen divès kalite antrepriz ki melanje sou tout longè koridò komèsyal prensipal li yo: Franklin, Nostrand, Kingston, ak Utica avenues. Koridò sa yo gen plizyè pwodui nesosite ak konfò ki atire rezidan ak vizitè yo menm jan. Nou jwenn ladan yo magazen ki vann an detay, retoran, salon kwafi, ak sèvis pwofesyonèl — gen anpil nan magazen sa yo ki pou fi ak moun ki pa blan. Sant komèsyal popilasyon Juif Chabad-Lubavitch la sitiye l apeprè nan liy Kingston Avenue ant Eastern Parkway ak Empire Boulevard. Atlantic Avenue gen ladan l atelye reparasyon, estokaj, ak espas kote yo fè estokaj pou vann an gwo. Li gen plis pase 10 liy bis MTA, aksè ak liy metwo 2, 3, 4, ak 5, Long Island Rail Road, ak liy “Dollar Van”, ak plizyè lòt opsyon transpò ki fè li pi fasil pou deplase atravè katye a.

Done Demografik

Gade plis nan paj 16

Avèk yon popilasyon ki apeprè 161 000 moun, Crown Heights gen yon divèsite demografik, sosyal ak ekonomik, avèk gwoup etnik ki se nwa, moun ki soti nan karayib ak juif k ap domine. 30% moun ki abite nan zòn nan fèt aletranje, epi pami yo, plis pase 67% soti nan karayib la. Pandan gwo fèt juif yo, syèj mondyal mouvman jif Chabad-Lubavitch Hasidic la kapab atire plis pase 100 000 vizitè entènasyonal nan katye a. Menm si pifò kominote yo gen rezidan ki abite nan zòn lan depi lontan ak rezidan ki la depi plizyè jenerasyon, kantite moun ki vin gen kòb nan lane 2010 la, fè gen moun ki pi jèn ak nouvo rezidan nan zòn lan. Pwomotè imobilye ki gen kè cho epi ki agresif nan achte kay menase estabilite ki gen nan katye a. Nou kapab wè dinamik ekonomik ki gen nan katye a atravè revni medyan fwaye yo ki se \$63 069 konpare ak Brooklyn ki se \$67 753, epi Vil New York ki se \$70 663.

Opòtinite pou lavni

Gade plis nan paj 5

Avèk transpò piblik ki apwopriye ak yon pakèt enstitisyon kiltirèl ki gen ladan l Brooklyn Children’s Museum, Jewish Children’s Museum, Medgar Evers College, Major R. Owens Health & Wellness Community Center, Brooklyn Museum, ak aksè nan Prospect Park. Nou ka di Crown Height, ofri gwo opòtinite envestisman pou antreprenè ak fanmi yo. Anmenmtan, Crown Heights se yon destinasyon pou touris ki popilè paske se sou Eastern Parkway a West Indian American Day Carnival la fèt, epi li se syèj mondyal Chabad-Lubavitch. Konvèsasyon k ap fèt ant ofisyèl yo vote, Community Board 8, ak Depatman Planifikasyon Iben Vil New York te ouvé posibilite pou yon revitalizasyon komèsyal alavni ak opòtinite pou lojman atravè yon Plan Itilizasyon pou Divès Aktivite nan Atlantic Avenue. Gras ak envestisman sa a ak lòt envestisman prive, Crown Heights ta dwe benefisye plizyè milye nouvo inite lojman, sa ki pral ranfòse dinamik ekonomik katye a. Nan menm moman an, gen nouvo antreprenè k ap kontinye devlope baz ekonomik Crown Heightsepi anrichi kompleksite nan katye a.

Crown Heights



▲ Pwen enterè

■ Koridò komèsyal nou evalye

■ Atizay ak Destinasyon Kiltirèl

■ Plas ak Espas Piblik

■ Distri pou Amelyorasyon Biznis

■ Etablisman piblik

▲ Espas Enpòtan



Weeksville Heritage Center



Brooklyn Children's Museum



Jewish Children's Museum



Brooklyn Museum

Èvènman nan Katye a

Premye Samdi nan Brooklyn Museum

Parad Chyen nan Crown Heights pou Halloween

Sware djaz nan Crown Heights North Association

Ekleraj Sapen Nwèl nan Brower Park

Parad Lag B'Omer

National Night Out nan Brower Park

Festival Katye One Crown Heights

Simchas Bais Hashoeva

Kanaval ak Parad nan okazyon Jounen West Indian American

Gwoup komèsan ak kominote

Bridge Street Development Corporation

Konsèy Kominotè Juif Crown Heights

Asosyasyon Crown Heights North

Asosyasyon Komèsan nan Franklin Avenue

Sosyete Devlopman Lokal nan Crown Heights

Komite Nasyonal pou Pwomosyon Edikasyon Juif

Katye a ann Aksyon

Asosyasyon Komèsan nan North Nostrand Avenue

One Crown Heights

KONKLIZYON PRENSIPAL AK OPÒTINITE YO

Pwen Fò


- ▶ Yon gwo divèsite nan enfliyans kiltirèl ak istorik, ansanm ak achitekti kote kay yo fèt ak wòch ki gen koulè wouj ak mawon ansanm ak wout pou pyeton, bay Crown Heights yon karaktè inik.
- ▶ Divèsite nan magazen ak gwoup komèsyal – reparasyon machin, lavant an detay, bodega, ak yon pakèt restoran ak ba – ki ofri yon pakèt opsyon komèsyal pou moun ki ap achte yo. Fason restoran yo pwòch ak divès kalite restoran ki genyen yo, epi chwa moun genyen pou espas ki gen aktivite lannuit sou Nostrand ak Franklin avenues fè Crown Heights se destinasyon prensipal nan Central Brooklyn
- ▶ Konsantrasyon enstitisyon kiltirèl – Brooklyn Children's Museum, Jewish Children's Museum, Brooklyn Museum, ak Prospect Park – atravè Eastern Parkway fè Crown Heights yon katye familyal epi ki popilè
- ▶ Nan espas sa a nou jwenn yon gwo kantite antretriz ki se pwopriyete moun ki soti nan minorite, epi ki reflekte kilti Afwo Ameriken, Karayibeyen, ak Juif ki gen nan katye a. Gen yon lyen solid ant moun k ap achte yo ak biznis yo, epitou gen yon gwo nivo divèsite kiltirèl, lengistik ak relijye alafwa atravè moun k ap achte ak pwopriyete magazen yo
- ▶ Gen plizyè òganizasyon kominotè ki konsakre yo nan sipòte katye ak komèsan lokal yo
- ▶ Jeneralman, moun k ap achte yo wè Crown Heights tankou yon kote ki aksesib epi yon kote moun kapab mache, avèk yon pakèt opsyon transpò piblik tankou liy metwo ak liy bis ak yon estasyon LIRR
- ▶ Enstitisyon edikatif ak kiltirèl tankou CUNY's Medgar Evers College ak nouvo Major R. Owens Health & Wellness Community Center ki se patnè solid pou efò pou revitalizasyon komèsyal k ap fèt la

Defi yo

- ▶ Pil fatra yo jete yon fason ki ilegal ak kesyon ranmase fatra lakòz gwo pwoblèm atravè koridò distri a. Grafiti ak devan lokal biznis yo ki pa byen jere kreye yon anvivonman ki pa atire moun, sa ki konn lakòz kliyan ak moun ki abite nan zòn lan ale achte lòt kote
- ▶ Gen yon gwo kantite biznis ki pa gen sit entènèt oswa prezans nimerik, sa ki konn limite kapasite pou yo fè konkirans avèk detayan ki vann sou entènèt yo
- ▶ Twotwa ki kwense, ki pa pwòp epi ki kraze, doub paking, ak machin yo ki sikile ak yon gwo vitès fè Atlantic Avenue yon espas ki agresif pou pyeton yo. Kantite espas pou mache ki manke nan katye a fè zòn nan parèt tankou yon espas ki pa gen sekirite, paske pa gen anpil moun ki mache a pye oswa sou bekàn nan koridò sa a, sitou nan nuit
- ▶ Nou jwenn pwoblèm sekirite a nan tout longè koridò yo, paske gen kèk konsomatè ki pa santi yo an sekirite lannuit, epi gen kèk zòn ki pa gen ase ekleraj piblik. Gen kèk komèsan nan Kingston ak Utica avenues ki konn gen pwoblèm ak moun ki konn vin vòlè nan biznis yo
- ▶ Manm kominote an fè konnen yo gen enkyetid pou chanjman tankou netwayaj lari a ak amelyorasyon sekirite ak aksesibilite ta atire moun ki vin transfòme katye a epi ogmante valè pwopriyete yo olye li ta sèvi kominote ki la deja, sa ki ta kapab bloke amelyorasyon enklizif ak pozitif
- ▶ Gen yon gwo bezwen pou gen makèt ak opsyon manje ki bon pou lasante ki abòdab pou moun ki abite nan katye yo depi lontan



Fwan nan Lari Destination Nostrand



Medgar Evers College



Kanaval nan okazyon Jouen West Indian American



Nostrand Avenue



Atizay piblik



Achitekti istorik



Syèj Mondyal Chabad-Lubavitch



Utica Avenue

Opòtinite

- ▶ Òganize komèsan ki nan koridò komèsyal yo pou ranfòse kapasite yo, mete resous yo ansanm, ogmante kantite kliyan ki ap vini yo, epi plede pou gen yon chanjman nan sistèm lan pou ti biznis nan zòn lan nan nivo gouvènman lokal la. Eksplòre posibilite pou etabli asosyasyon komèsan, Distri pou Amelyorasyon Biznis (Business Improvement Districts, BID, oswa lòt òganizasyon pou devlopman ekonomik pou sipòte ti biznis yo. Epitou, mete sou pye estrateji revitalizasyon sou yon peryòd ki kout ak yon peryòd ki long.
- ▶ Netwaye, fè bèl, epi kenbe ri ki atravè distri a pwòp. Epitou, enstale poubèl anplis pou fè pwomosyon yon katye ki pwòp epi anpeche gen fatra nan lari a
- ▶ Ede antrepriz yo kòmanse oswa devlope prezans yo sou entènèt ak platfòm komès sou entènèt gras ak patenarya inovatè pou devlopman mendèv ki ofri yon asistans teknik vital ak pratik
- ▶ Kreye ri ki gen plis sekirite pandan n ap anpeche doub paking, epi pandan n ap mete sou pye mezi pou kontwòle trafik la nan koridò prensipal yo tankou Atlantic Avenue. Amelyore sikilasyon an pandan n ap kreye zòn pou biznis yo chaje ak pou yo dechaje, epi aplike restriksyon ki gen rapò ak wout pou bis nan tout longè koridò pou Sèvis Select Bus
- ▶ Amelyore ekleraj nan lari a epi ajiste tan pou pasaj pyeton pou nou bay sekirite pyeton yo priyorite
- ▶ Atire nouvo biznis pou ranpli devan lokal biznis ki vid yo epi devlope nouvo estrateji, epi ankouraje yo mete magazen ki divèsifye òf komèsyal la epi ki reponn ak bezwen rezidan lokal yo
- ▶ Devlope yon pwogram pou amelyore devan lokal biznis yo epi modènize fas ki bay sou deyò yo, ede avèk konstriksyon epi retire grafti yo
- ▶ Kreye yon tablo ki afiche djòb ki gen nan zòn nan, epi envesti nan fòmasyon moun ki abite nan zòn nan pou yo kapab anplwaye moun ki abite nan zòn nan

E Apre Sa?

Pou reponn ak konklizyon prensipal ak opòtinite sa yo, SBS te bay òganizasyon ki pa la pou fè pwofi Sibvansyon Avenue NYC.

Pou plis enfòmasyon, ale sou: nyc.gov/avenuenyc

PEYIZAJ KOMÈSYAL: CROWN HEIGHTS

Envantè sou biznis yo

983

Kantite total devan lokal biznis yo

14.0%



Espas ki vid devan lokal biznis yo*

*Remak: Nan lane 2022, 76 Distri pou Amelyorasyon Biznis nan Vil New York te anrejistre yon to mwayèn kote pa gen moun nan anba lakay yo ki se 11.6%, ak yon to medyan kote pa gen moun nan anba lakay la ki se 10.1% (SBS BIDs Trends Report, FY22).

Devan lokal biznis ak komès an detay



Lib	Kantite
Salon bote epi/oswa salon pou zong ak Kwafè	138
Restoran ki bay yon sèvis limite	115
Sèvis pwofesyonèl ak medikal	88
Deli epi/oswa Bodega	70
Magazen machandiz jeneral, jwèt, pèpè, ak atik relijye	63
Restoran ki bay tout sèvis	51
Òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ak Mezon Adorasyon	49
Magazen rad, soulye, ak bijou	48
Sal lesiv, dray ak tayè	45
Famasi, magazen pou zye ak sante	33
Sèvis pou machin	31
Biznis ki van Materyo Konstriksyon, atik pou kay, enprimri, mèb, ak moun ki vann flè	27
Magazen ki vann kleren ak tabak	27
Telefòn Selilè, aparèy elektwonik, magazen bisiklèt ak reparasyon	26
Espas pou vann kafe	21
Makèt ak Magazen Manje	21
Lekòl, gadri, ak biwo gouvènman yo	20
Magazen pou manje espesyalize	16
Sèvis pou touche chèk, sèvis transfè lajan, ak moun ki gen plàn	15
Ba, klèb ak sal pou mizik	14
Otèl ak Galri Atizay	13
Konstriksyon, fabrikasyon ak komès an gwo	11
Sal espò ak estidyò pou a masyal	8
Bank ak kowoperativ kredi yo	8
Lòt	7
	18

Se Bridge Street Development Corporation ki rasanble done ki gen rapò ak envantè biznis ak komès an detay atravè yon envantè konplè li fè pou tout antrepriz ki nan tout longè Franklin, Nostrand, Kingston, Utica, ak Atlantic avenues (Soti nan mwa oktòb pou rive novanm 2022).





Sa komèsan ki nan Crown Heights te di nou

Konbyen tan ou genyen depi w ap fè biznis la?



Sonje: Mwayèn nan se mwayèn pou tout repons yo, medyan an se chif nan mitan lè yo ranje tout repons yo sot nan pi piti pou ale nan pi gwo, epi mòd la se repons nou jwenn pi souvan an.

Konbyen anplwaye atanplèn ou genyen?




Èske w posede oswa w lwe kay ou a?




Èske aktyèlman biznis ou a gen yon sit entènèt?



Pandan ane ki sot pase a, èske biznis ou an te amelyore, li te rete menm jan, oswa li te diminye?



Pou ane k ap vini a, èske w prevwa pou elaji, pou rete, demenaje, oswa pou fèmen?



Ki kalite resous ki kapab ede w devlope biznis ou an?


	% Repons Komèsan yo
▶ Sipò maketing	59%
▶ Aksè ak finansman	47%
▶ Amelyorasyon espas yo	30%
▶ Sipò pou lokasyon	25%
▶ Nouvo ekipman	18%
▶ Fòmasyon pou manm pèsònèl la	15%
▶ Sèvis jiridik	11%
▶ Lòt	11%

Sous: Li baze sou 229 sondaj Bridge Street Development Corporation fè bò kote komèsan yo sot nan mwa desanm 2022 pou rive fevriye 2023.

PEYIZAJ KOMÈSYAL

Atlantic Avenue


Envantè sou biznis yo



Kondisyon devan lokal biznis yo




Biznis nou jwenn pi souvan




Ki chanjman ki dwe fèt nan koridò yo oswa atravè koridò yo pou atire plis moun ki vin achte?

% Repons Komèsan yo



Franklin Avenue


Envantè sou biznis yo



Kondisyon devan lokal biznis yo




Biznis nou jwenn pi souvan



Ki chanjman ki dwe fèt nan koridò yo oswa atravè koridò yo pou atire plis moun ki vin achte?

% Repons Komèsan yo



Kingston Avenue

Envantè sou biznis yo

176

Total pou devan lokal biznis yo

14%

Espas ki vid devan lokal biznis yo

Kondisyon devan lokal biznis yo

26%

Fèb

35%


Mwayèn

38%

Bon




Biznis nou jwenn pi souvan



Ki chanjman ki dwe fèt nan koridò yo oswa a travè koridò yo pou atire plis moun ki vin achte?

% Repons Komèsan yo



Nostrand Avenue

Envantè sou biznis yo

293

Total pou devan lokal biznis yo

13%

Espas ki vid devan lokal biznis yo

Kondisyon devan lokal biznis yo

36%

Fèb

32%


Mwayèn

31%

Bon




Biznis nou jwenn pi souvan



Ki chanjman ki dwe fèt nan koridò yo oswa a travè koridò yo pou atire plis moun ki vin achte?

% Repons Komèsan yo



PEYIZAJ KOMÈSYAL

Utica Avenue

Envantè sou biznis yo

283

Total pou devan lokal biznis yo

11%

Espas ki vid devan lokal biznis yo

Kondisyon devan lokal biznis yo

29%

Fèb

34%

Mwayèn

38%

Bon



Biznis nou jwenn pi souvan

Salon bote epi/oswa salon pou zong ak Kwafè	48
Restoran ki bay yon sèvis limite	36
Sèvis pwofesyonèl ak medikal	27
Deli epi/oswa Bodega	24
Magazen machandiz jeneral ak atik relijye	20

Ki chanjman ki dwe fèt nan koridò yo oswa atravè koridò yo pou atire plis moun ki vin achte?

% Repons Komèsan yo

► Sekirite	43%
► Netwayaj	38%
► Amenajman peyizaj epi anbeli l	25%
► Retire grafiti	22%
► Limyè nan Lari a	19%

Sa komèsan ki nan Crown Heights te di nou

Èske w ap viv Crown Heights?

49%

Wi

51%

Non



Sa komèsan ki nan Crown Heights te di nou

Kisa w renmen konsènan distri komèsyal la?

"Pou sa ki konsène m, gen yon gwo kominote moun ki renmen bèt nan Crown Heights. Epitou, Franklin Avenue se yon avni ki aksesib epi ki laj ase pou ofri yon varyete, epi li piti ase pou w santi w lakay ou."

"Li oryante sou kominote an, lipasèlman yon katye oswa yon ri tankou lòt distri komèsyal yo — se yon destinasyon kominotè."

"Batiman rezidansyèl ak inivèsite ki toupre a pèmèt nou kenbe kliyan yo."

"Mwen renmen l paske li se yon kotekigen lavi, pratik epi pwòch tren yo."

"M renmen divèsite nan restoran ak nan magazen yo. Chak pwopriyete magazen amikal epi yo kolabore — se pa sèlman yon chèn, yo tankou (vrè manman ak papa)."

"Kingston Avenue se yon espas ki gen anpil touris, etidyan, ak rabi, sa ki vle di anpil vizitè. Se la lajan an soti."

"Komèsan ak moun yo travay ansanm sou diferan inisyativ."

"Konsantrasyon antrepriz yo avèk yon aksè fasil epi pratik pou pakin yo."

"Gen yon pakèt kay nan zòn nan, epi yo pwòch pak ak mize yo."

"Divèsite pou pwopriyete ti biznis yo."

"Mwen renmen moun yo, lòt biznis yo, dansite popilasyon an, ak anbyans nan katye a."

Kisa ki fè distri komèsyal Crown Heights inik?

"Gen yon pakèt kilti diferan ki nan zòn lan, sa ki fè li se yon gwo kominote."

"Brooklyn kapab pote l epilipote l. Tout bagay la epi nou te toujou la a — menm si gen tranzisyon k ap fèt."

"Nou toupre pak ak mize yo."

"Divèsite, mizik an dirèk, Brooklyn Children's Museum. Aksè ak zòn pou achte."

"Se sitou bon jan asosyasyon ki gen nan katye yo!"

"Se yon bèl melanj, mwen swete l ap rete konsa. Lojman bon mache yo enpòtan anpil. Ansanm ak opòtinite pou lwe espas komèsyal ki abòdab."

"Pozisyon jewografik — linansant Brooklyn. Li seyonpwen ki elve — pwen ki pi elve nan Brooklyn. Seyonsant kiltirèl ki divèsifye."

"Katye a inik akòz majorite biznis ki pou moun ki soti nan minorite a ansanm ak kantite pyeton yo."

"Aksè ak bis epi tren, yon pakèt moun diferan."

"Gen vrèman yon anbyans ki agreyab nan katye a, avèk bon moun epi ki divèsifye."

"Enkanasyon inite. Tout ras ak relijyon rasanble ansanm 24 sou 24."

PEYIZAJ KOMÈSYAL

Sa moun ki vin achte nan Crown Heights te di

Ki chanjman ou ta renmen wè pou amelyore distri komèsyal nan Crown Heights?

“Plis aktivite ak magazen pou adolesan ak jèn adilt.”

“Pi bon ekleraj, lari ki pwòp, fè komèsan yo pran yon pi gwo responsabilite nan netwayaj devan lokal biznis yo nan maten ak nan aswè anvan yo fèmen.”

“Jere kesyon fatra ak rat yo. Amelyorasyon nan chwa pou transpò. Ranpli devan lokal biznis ki vid yo.”

“Yon pi bon siyalizasyon nan magazen yo epi petèt ajoute yon eleman atistik nan pòt ki glise yo.”

“Kreye espas tankou ti pak ak espas kote moun kapab rankontre epi/oswa chita deyò. Sa pral ede amelyore anbyans jeneral ki gen nan katye a, epi achte plis pandan yo la.”

“Yon trafik ki pi kalm, lite kont moun k ap fè doub paking, lite kont bri nan sikilasyon an, plis wout pou bisiklèt, Ri ki Ouvè tankou nan Vanderbilt Avenue pou ankouraje moun manje deyò epi achte.”

“Gen anpil batiman ki parèt an move eta — mwen panse si yo refè devan espas magazen yo l ap atire plis moun.”

“Kolaborasyon ak patenarya avèk nouvo branch libreri a nan Brooklyn Children’s Museum lè li ouvè.”

“Pi bon chwa manje, plis fri ak legim ki fre.”

“Evènman kominotè ak espas kreyatif, fwi ki pi abòdab epi ki gen pi bon kalite.”

“Lè lapolis fè patwouy a pye l ap pèmèt tout moun gen sekirite.”

Ki chanjman ki dwe fèt nan Crown Heights pou atire plis vizitè oswa moun ki vin achte?

	% Repons Komèsan yo	% Repons Konsomatè yo
▶ Sekirite	49%	45%
▶ Netwayaj	48%	57%
▶ Amenajman peyizaj epi anbeli l	39%	53%
▶ Evènman nan kominote a	32%	44%
▶ Limyè nan Lari a	28%	36%
▶ Retire grafiti	22%	22%
▶ Amelyorasyon devan lokal biznis yo	21%	43%
▶ Kolaborasyon avèk komèsan yo	19%	34%
▶ Lòt	18%	13%
▶ Plis espas ouvè	16%	30%
▶ Amelyorasyon transpò	8%	24%

Sous: Se Bridge Street Development Corporation ki fè l nan ivè 2022-2023, epi li baze sou 229 sondaj ki fèt bò kote komèsan yo ak 519 sondaj ki fèt bò kote konsomatè yo.

Demann pou lavant an detay nan Crown Heights

Depans rezidan yo

\$5.27B


chak ane pou byen ak sèvis an detay nan lane 2023

Depans rezidan yo ap fè

\$6.17B

chak ane pou byen ak sèvis an detay pou rive ane 2028

Depans konsomatè yo pou ane 2023




Done sou depans konsomatè yo baze sou fwaye yo, epi li reprezante kantite fwaye lokal ki nan zòn komèsyal yo depanse pa ane pou yon pwodui oswa yon sèvis.

Sous: Previzyon ESRI pou lane 2023 ak 2028; done sou depans konsomatè yo soti nan sondaj sou depans konsomasyon pou ane 2019 ak 2020, Biwo pou Estatistik nan Travay.


OPINYON SOU BIZNIS

Tandans nan biznis yo


Chanjman nan chif lavant total biznis yo soti 2016 pou rive 2023




Lavant total nan biznis ki nan Crown Heights



Chanjman nan chif lavant medyan pa biznis, soti 2016 pou rive 2023



Lavant medyan nan Crown Heights pa biznis




*Ane 2023 reflekte done ki rasanble jiska mas 2023. Sous: Divizyon Politik pou Taks, Depatman Finans nan NYC

Sa moun ki ap achte yo te di nou


Ki kalite biznis anplis ou ta renmen wè nan Crown Heights?

- ▶ Restoran
- ▶ Magazen rad ak soulye
- ▶ Makèt
- ▶ Espas pou vann kafe
- ▶ Espas pou espò ak byennèt
- ▶ Libreri


Kilè w al achte jeneralman nan Crown Heights?



Kijan w vwayaje jeneralman nan Crown Heights?




Konbyen kòb ou depanse jeneralman lè w al achte nan Crown Heights?



Sous: Se Bridge Street Development Corporation ki fè l an ivè 2022, epi li baze sou 519 sondaj ki fèt bò kote konsomatè yo.

Espas ki vid devan lokal biznis yo




- Teren ki vid
- Devan lokal biznis yo ki vid
- Pak ak espas ki ouvè


Gen yon analiz ki fèt sou 983 devan lokal biznis nan koridò komèsyal atravè Crown Heights, tankou Utica, Atlantic, Kingston, Nostrand, ak Franklin avenues ant Atlantic Avenue ak Eastern Parkway montre 37% devan lokal biznis yo nan move kondisyon, 32% nan yon kondisyon mwayèn, epi 32% nan bon kondisyon.

Obsèvasyon peyizaj iben

- ▶ Kantite pyebwa ki pa ase lakòz manke lonb ak frechè nan jou ki cho yo.
- ▶ Grafiti sou devan lokal biznis yo ki vid yo epi pa byen jere kreye yon anviwònman ki pa atire moun
- ▶ Nostrand Avenue gen biznis ki byen jere ak divès kalite komès, avèk plizyè restoran ki bay opsyon pou manje deyò.
- ▶ Lavant an detay la kontinye fèt nan pifò koridò, li kanpe sèlman nan kèlke devan lokal biznis ki vid. Sepandan, gen gwo seksyon nan Atlantic ak Kingston avenues ki pa gen biznis.
- ▶ Amelyorasyon limyè ki gen nan ri yo ap amelyore anpil pèsèpsyon pou sekirite ak posibilite pou moun mache.
- ▶ Pli fatra yo jete yon fason ki ilegal ak kesyon ranmase fatra lakòz gwo pwoblèm atravè koridò distri a. Menm si pifò koridò yo gen poubèl, gen fatra sou twotwa yo, nan twou pyebwa yo ak nan ri yo.
- ▶ Utica, Nostrand, Kingston, ak Atlantic avenue gen yon gwo sikilasyon machin ak pyeton pandan jounen an, ansanm ak yon gwo sikilasyon bisiklèt atravè restoran yo ak nan espas livrezon yo. Twotwa nan Atlantic Avenue yo kwense, yo pa pwòp, yo kraze epi machin ki pake souvan bloke la sa ki fè li difisil pou pyeton yo.
- ▶ Òf komèsyal la varye selon katye a, menm jan ak dansite ak fason devan lokal biznis la atire moun. Se kote ki pi pre estasyon tren yo nou jwenn pi gwo dansite vitrin yo.



Machin ki bloke twotwa a nan Atlantic Avenue




Espas ki vid ak grafiti sou Nostrand Avenue



Fatra

Done Demografik

Ras/Antesedan




	Crown Heights	Brooklyn	NYC
Panyòl oswa Latino (oswa nenpòt ras)	13%	19%	29%
Blan sèlman	26%	37%	32%
Nwa oswa Afwo Ameriken sèlman	55%	29%	21%
Azyatik sèlman	3%	12%	14%
De (2) ras oswa plis	3%	3%	3%
Kèk lòt ras sèlman	0%	0%	1%
Endyen Ameriken ak Natif Natal Alaska sèlman	0%	0%	0%
Natifnatal Awayi ak Lòt Zile Pasifik yo	0%	0%	0%

Nivo Etid



	Crown Heights	Brooklyn	NYC
Klas 12yèm ane oswa mwens, Moun nan pa gen diplòm	15%	16%	17%
Diplome nan lekòl segondè	23%	25%	24%
Kèk ane nan kolèj, san diplòm	15%	13%	14%
Diplòm Asosye	6%	6%	7%
Lisans	25%	24%	23%
Diplòm Etid Siperyè oswa Pwofesyonèl	16%	16%	17%

Laj popilasyon an



	Crown Heights	Brooklyn	NYC
Mwens pase 5 lane	6%	7%	6%
5 jiska 14 lane	10%	12%	11%
15 jiska 24 lane	12%	11%	12%
25 jiska 44 lane	37%	32%	31%
45 jiska 64 lane	22%	23%	25%
65 lane oswa plis	13%	15%	15%

Laj mwayèn

34.3	Crown Heights
35.7	Brooklyn
37.3	Vil New York

Popilasyon ki fèt aletranje

30%	Crown Heights
35%	Brooklyn
36%	Vil New York

Revni

Revni mwayen fwaye a

\$63 069	Crown Heights
\$67 753	Brooklyn
\$70 663	Vil New York

Popilasyon ki Anba Liy Povrete a

19%	Crown Heights
19%	Brooklyn
17%	Vil New York

Travay

Popilasyon ki ap travay

67%	Crown Heights
64%	Brooklyn
63%	Vil New York


Chomaj*

5.5%	Crown Heights
4.5%	Brooklyn
4.7%	Vil New York

*Remak: Pou mwa me 2023, to chomaj la se 5.4% pou Brooklyn ak 5.1% pou Vil New York (NYSDOL); done pou nivo katye Crown Heights pa disponib.


Djòb lokal ak travay

Travay rezidan lokal



Sèvis edikasyon, swen sante ak asistans sosyal	32%
Sèvis pwofesyonèl, syantifik ak teknik	15%
Lòt Sèvis	13%
Lojman, sèvis manje, atizay, lwazi	9%
Komès an detay	8%
Finans, asirans, byen imobilye	7%
Transpò, depo, sèvis piblik	6%
Administrasyon Piblik	5%
Konstriksyon	4%
Pwodiksyon	2%


Djòb ki nan zòn Crown Heights



Sèvis edikasyon, swen sante ak asistans sosyal	46%
Sèvis pwofesyonèl, syantifik ak teknik	3%
Lòt Sèvis	9%
Lojman, sèvis manje, atizay, lwazi	10%
Komès an detay	9%
Finans, asirans, byen imobilye	5%
Transpò, depo, sèvis piblik	3%
Administrasyon Piblik	11%
Konstriksyon	2%
Pwodiksyon	1%

APENNDIS DONE

Transpò nan Crown Heights



▲ Transpò nan Crown Heights

— Wout bis

... Pasaj pou bisiklèt

— Tren NYC

Kantite mwayèn moun ki monte bis la (2022)

3 129	B7
7 089	B12
10 127	B15
4 127	B16
5 743	B17
3 129	B25
5 223	B26
4 806	B35

5 461	B43
17 966	B44
3 093	B45
18 833	B46
5 401	B47
1 962	B48
7 333	B49
2 127	B65

Trafik mwayèn pa jou pou machin (2019)

44 610	Eastern Parkway soti Nostrand pou rive Utica avenues
10 156	Brooklyn Avenue soti Eastern Parkway pou rive Empire Boulevard
9 083	Troy Avenue soti Empire Boulevard pou rive Fulton Street

Kantite mwayèn moun ki montre tren an pa semèn (2022)

14 663	3 4 Crown Heights-Utica Avenue
10 428	A C Nostrand Avenue
8 338	A C Utica Avenue
3 626	2 5 Sterling Street
3 289	C S Franklin Avenue

Sous: MTA 2022; NYS DOT, Mwayèn trafik pa jou pou ane 2019

Investisman Resan nan Katye SBS

- ▶ *Revitalizasyon Komèsyal*, Sibvansyon \$300 000 sou plizyè ane Avenue NYC yo bay Bridge Street Development Corporation, soti 2022 pou rive 2025.
- ▶ *Òganizasyon Komèsan*, Sibvansyon Enpak Estratejik \$200 000 yo bay Bridge Street Development Corporation, pou 2023.

Plan ak etid ki la deja

Plan Katye ki gen Plizyè Itilizasyon nan Atlantic Avenue, Depatman Planifikasyon Iben Vil New York 2023 (l ap vanse)

Rapò sou Pwofit ak Vizyon Kominote a nan Plan Katye ki gen Plizyè Itilizasyon nan Atlantic Avenue, Depatman Planifikasyon Iben Vil New York, 2022

Pwofil Sante Kominotè Crown Heights ak Prospect Heights, Depatman Sante Vil New York, 2018

Pwofil Sante Kominotè South Crown Heights ak Lefferts Gardens, Depatman Sante Vil New York, 2018

Pwofil Sante Kominotè Crown Heights ak Prospect Heights, Depatman Sante Vil New York, 2018

Plan aksyon pou sekirite pyeton, Vizyon zewo, Crown Heights - Etid Ka Brownsville Depatman Transpò Vil New York, 2015

Refè separasyon zòn nan Crown Heights West, Depatman Planifikasyon Iben Vil New York, 2013

Sous

ESRI ak Sondaj sou Depans Konsomatè, Biwo Estatistik Travay. 2023 ESRI Pèspektiv Demann nan Lavant an detay.

Metropolitan Transportation Authority, 2022. Kantite mwayèn moun ki montre tren an pa semèn ak kantite mwayèn moun ki monte bis la pa mwa.

Depatman Travay nan Eta New York. Me 2023. Klasman to chomaj pa konte.

Depatman transpò nan Eta New York. Mwayèn trafik pa jou pou ane 2019, gras ak Vizyonaj Done sou Trafik.

Depatman Finans nan Vil New York, Divizyon Politik pou Taks, ki itilize done ki soti nan Depatman Taks ak Finans. Biznis yo deklare lavant yo pandan egzèsis fiskal ki soti nan 1ye mas pou rive 28 fevriye. Yo konpile done sou lavant yo apati deklarasyon taks sou lavant, epi yo regwoupe yo pa moun ki deklare taks la pandan yon ane, epi yo retire montan lavant negatif yo. Chak ane, nou rapòte chak moun ki deklare taks apati adrès ki sou dènye deklarasyon li an. Nou retire gwo ka espesyal yo nan analiz la, epi selon kantite lavant yo fè nou retire 5% moun ki deklare taks ki pi enpòtan nan Manhattan ak 1% moun ki deklare taks ki pi enpòtan nan awondisman ki lwen yo.

Sèvis nan Depatman Ti Biznis Vil New York. Ane fiskal 2022. Rapò sou Tandans Distri pou Amelyorasyon Biznis.

Biwo Resansman Etazini. 2020. Aplikasyon OnTheMap. Pwogram Longitudinal sou Dinamik Fwaye Konpayi yo.

Biwo Resansman Etazini. Sondaj sou Kominote Ameriken, Estimasyon sou 5 lane nan Sondaj sou Kominote Ameriken nan lane 2021, yo fè pandan y ap itilize NYC Population FactFinder. Sektè Resansman Crown Heights: 343, 345, 347, 357,01, 323, 337,01, 353,01, 353,02, 213, 217, 219, 221, 227, 247, 271, 307, 299, 305, 333, 309, 311, 313, 315, 317,01, 317,02, 319, 321, 325, 327, 329, 331, 335, 337,02, 339, 341, 349,01, 349,02, 351,01, 351,02, 355, 357,02, 359.

Kredi Foto: Wikimedia Commons: Jim Henderson, Ajay Suresh, Epicgenius, Elisa Rolle, Jules Antonio, DanTD, Fordmadoxfraud. Bridge Street Development Corporation: Conor Hassett. NYC SBS: Andrew Marcus, Matthew O'Malley.

KONSÈNAN SBS

Sèvis nan Depatman Ti Biznis Vil New York ede debloke potansyèl ekonomik epi kreye yon sekirite ekonomik pou tout moun ki abite New York pandan I ap konekte moun ki abite New York avèk bon travay, kreye biznis ki solid, epi konstwi yon ekonomi ki pi pis nan katye ki nan senk awondisman yo.

REMÈSIMAN

Nou vle rekonèt epi remèsye moun ak òganizasyon sa yo pou kontribisyon yo nan devlopman Evalyasyon Bezwen Distri Komèsyal Crown Heights:

Prezidan Awondisman Brooklyn Antonio Reynoso
Manm Konsèy Vil New York Chi Ossé
Manm Konsèy Vil New York Crystal Hudson
Manm asanble Brian Cunningham
Manm asanble Stefani Zinerman
Konsèy Kominote 8 ak 9 Brooklyn
77th Precinct Community Council
Bridge Street Development Corporation
Chanm Komès Brooklyn
Asosyasyon Crown Heights North
Asosyasyon Komèsan nan North Nostrand Avenue
Komèsan Crown Heights
Moun ki vann epi ki abite nan Crown Heights